



MINISTÈRE  
DE LA SANTÉ  
ET DE LA PRÉVENTION

*Liberté  
Égalité  
Fraternité*

# Entèripsyon volontè gwsosès-Avòtman (IVG, an fransè)

Gid fichye



# REZIME

ENTWODIKSYON.....	<b>3</b>
PREMYE PATI A: KONSILTASYON POU ENFÒMASYON.....	<b>6</b>
DEZYÈM PATI A: KOLEKSYON KONSANTMAN AN .....	<b>8</b>
TWAZYÈM PATI A: REYALIZASYON AVÒTMAN AN (IVG, an fransè).....	<b>10</b>
IVG ak zouti.....	<b>11</b>
IVG ak medikaman.....	<b>12</b>
KATRIYÈM PATI A: KONSILTASYON KI GEN RAPÒ AK KONTWÒL.....	<b>15</b>
KONTRASEPSYON APRÈ YON IVG .....	<b>17</b>
Preskripsyon yon kontrasepsyon.....	<b>18</b>
Chwa kontrasepsyon an .....	<b>18</b>
Konfigirasyon kontrasepsyon an.....	<b>18</b>
Ki kote pou jwenn enfòmasyon adisyonèl sou kontrasepsyon? ....	<b>19</b>
ANÈKS.....	<b>21</b>

---

## ENTWODIKSYON

---

**Dwa ak avòtman se yon gwo reyalizasyon pou fanm epi se rezilta yon long batay pou kontwòlè kò yo.** Anèks 5 nan dokiman sa a raple plizyè etap ki te lakòz lalwa garanti dwa sa a.

**Menm si li granmoun oswa li minè, tout fanm ansent ki pa vle kenbe yon gwosès kapab mande yon doktè oswa yon saj fanm pou kanpe gwosès la.** Sèl fanm ki konsène a ki ka fè demann nan.

Yo kapab fè yon entèripsyon volontè gwosès (IVG, an fransè) anvan fen 14<sup>èm</sup> semèn gwosès la, sa a ki koresponn ak fen 16<sup>èm</sup> semèn aprè dènyè règ yo te kòmanse (16 semèn san règ).



---

Pou delè yo respekte, li enpòtan, lè yo pran desizyon pou fè IVG a, pou yo fè demach yo rapid.

---

Genyen de teknik ki posib pou reyalize yon IVG:

- **Metòd ak zouti a** : se sèlman yon doktè oswa yon saj fanm ki fòmè, k ap travay nan yon sant oswa etablisman sante ki ka fè li;
- **Metòd ak medikaman an:** yon doktè oswa yon saj fanm ka fè li.

Li enpòtan pou konnen asirans maladi ranbouse tout frè ki gen rapò ak IVG a (anèks 2).

Jan règleman ki an vigè a prevwa li, gid sa a genyen pou objektif pou akonpanye w nan chwa w epi ba w enfòmasyon ki nesèsè pou fè yon IVG.

Ou gen aksè ak enfòmasyon yo tou:

- nan nimewo nasyonal anonim epi gratis «Seksyalite – Kontrasepsyon – IVG»: 0 800 08 11 11.
- sou sit ofisyèl nasyonal la: [ivg.gouv.fr](http://ivg.gouv.fr)
- nan sant sante seksyèl yo (pa ekzanp, CPEF Sant planifikasyon oswa edikasyon pou fanmi yo) oswa nan etablisman pou enfòmasyon, konsiltasyon ak konsèy pou fanmi yo, yo rele yo kounye a: Espaces Vie Affective, Relationnelle et Sexuelle» (EVARS). Yo mete adrès ak kontak etablisman sa yo pa depatman sou: [ivg.gouv.fr](http://ivg.gouv.fr)
- sou sitwèb Ministè lasante ak prevansyon : [olidarites-sante.gouv.fr](http://olidarites-sante.gouv.fr)

## MWEN VLE METE FEN AK GWOSÈS MWEN AN

Mwen pran randevou  
ak yon doktè oswa yon  
fanmsaj san m pa pèdi tan



Si w ta renmen kanpe gwsès ou a, ou kapab pran yon randevou ak yon Doktè oswa yon saj fanm:

- nan yon klinik doktè;
- nan yon sant sante seksyèl (ansyen CPEF);
- nan yon sant sante;
- nan yon etablisman sante (lopital oswa klinik).

Ou kapab mande yon randevou pou konsiltasyon fas a fas oswa yon konsiltasyon nan telefòn (si yo pwopoze w sa a) (gade anèks 3).



● **Atansyon ak delè pou IVG a**, an patikilye sa yo te prevwa nan yon etablisman sante.

Tout etablisman sante piblik oswa prive yo pa fè toulède teknik IVG yo (ak zouti epi ak medikaman) Li enpòtan pou jwenn enfòmasyon yo pi vit posib nan etablisman w chwazi a oswa nan nimewo nasyonal anonim epi gratis «Seksyalite – Kontrasepsyon – IVG» a: **0 800 08 11 11**.

Gen kèk etablisman, delè yo konn vrèman long. Li nesesè pou w pran sa a an konsiderasyon lè w ap pran randevou.



# PREMYE PATI A: KONSILTASYON POU ENFÒMASYON AN



## PREMYE PATI A: KONSILTASYON POU ENFÒMASYON AN



- Doktè a oswa fanmsaj la ap enfòmè m epi ban m **dokimantasyon** an, mwen pa ezite poze l kesyon.
- Li te pwopoze m yon **konsiltasyon siko-sosyal**

### KONSILTASYON SIKO-SOSYAL

- > Obligatwa pou minè yo
- > Pwopoze pou granmoun yo
- > Pou m konnen ki kote pou m ale epi pou m jwenn enfòmasyon sou dwa mwen:

**0 800 08 11 11**

Sèvis ak apèl  
anonim epi gratis



### Nan konsiltasyon sa a:

- W ap fè demann IVG ou a.
- W ap resevwa gid fichye sa a ak enfòmasyon oral yo:
  - sou diferan metòd IVG yo: ak zouti epi ak medikaman (gade «reyalizasyon IVG», paj 10);
  - sou kote yo fè yo epi plis sou posiblite pou w chwazi ou genyen:
    - pou yon IVG ak zouti: nan etablisman sante (lopital, klinik) oswa nan yon sant sante ki gen kapasite pou sa a,
    - pou yon IVG ak medikaman: nan etablisman sante (lopital, klinik), nan yon klinik doktè, nan yon sant sante seksyèl (ansyen CPEF) oswa nan yon sant sante,
  - sou risk ak efè segondè ki posib.

- Doktè a oswa saj fanm nan ap pwopoze w yon **entèvyou sikososal. Li pa obligatwa si w se yon granmoun men li obligatwa si w se yon minè.**

Kòm benefis, y ap tande w, ba w sipò sikolojik, enfòmasyon oswa konsèy ki apwopriye ak sitiyasyon w la. Moman tande ak dyalòg sa a enpòtan pou akonpaye w pandan peryòd sa a ki konn difisil pafwa.

Pou premye konsiltasyon enfòmasyon sa a, ou kapab mande yon randevou pou konsiltasyon fas a fas oswa yon konsiltasyon a distans si pwofesyonèl sante w la pwopoze sa a (gade anèks 3).

## Konsiltasyon sikososal anvan IVG a

L ap fèt ant de pati anvan IVG a. Konsiltasyon sa a **pa obligatwa si w se yon granmoun men li obligatwa si w se yon minè.**

L ap fèt nan yon Espace Vie Affective, Relationnelle et Sexuelle (EVARS) (yo te rele anvan etablisman pou enfòmasyon, konsiltasyon oswa konsèy pou fanmi yo - EICCF), yon sant sante seksyèl (yo te rele anvan Sant planifikasyon oswa edikasyon pou fanmi yo), yon sèvis sosyal oswa yon lòt òganis yo otorize, avèk yon pwofesyonèl kalifye nan konsèy pou de moun ki marye epi pou fanmi.

Nan konsiltasyon sa a, y ap pwopoze w yon akonpayman sosyal epi sikolojik.

Ou kapab mande yon randevou pou konsiltasyon sikososal fas a fas oswa yon konsiltasyon a distans (si yo pwopoze w sa a) pou konsiltasyon sa a (gade anèks 3).

Lè pwofesyonèl la (doktè a oswa saj fanm nan) pa fè IVG a li menm, li dwe fè w konnen non yon doktè oswa yon etablisman ki fè sa a. L ap remèt ou demann ou a epi l ap ba w yon atestasyon ki pwouve w te satisfè ak premye etap obligatwa sa a (pati enfòmasyon).

## DEZYÈM PATI A: KOLEKSYON KONSANTMAN AN



### DEZYÈM PATI A: KOLEKSYON KONSANTMAN AN



- Mwen deside ak doktè mwen oswa fanmsaj mwen an sou **metòd entèvansyon** dapre sityasyon pèsònèl mwen ak disponiblite sant medikal yo.
- Mwen konfime demann IVG mwen an epi mwen soumèt **konsantman alekri** mwen
- Si li pa fè IVG a li menm, li ban mwen yon **lis espesyalis**.
- Nan ka sa a, li ban mwen yon **sètifika** ki pwouve mwen te respekte etap preliminè obligatwa yo

**Pa genyen delè minim pou reflechi ankò ant premye ak dezyèm pati a. W ap pran tan pou reflechi oupanse ki nesèsè pou desizyon w, pandan w ap pran an konsiderasyon delè legal pou fè IVG a (14 semèn gwosès).**

Si w chwazi pou benefisye entèvyou sikososal la (oswa si li obligatwa poutèt ou se yon minè), sa a ap fèt ant de premye pati sa yo pou fè IVG a.

#### **Nan kad dezyèm pati sa a:**

- W ap konfime demann IVG ou a alekri epi w ap remèt konsantman w bay doktè a oswa saj fanm nan. Ou kapab mande yon randevou pou konsiltasyon fas a fas oswa yon konsiltasyon a distans pou pati koleksyon konsantman sa a (gade metòd pratik yo nan anèks 3).
- W ap chwazi metòd IVG ou a ansanm ak tout kote l ap fèt la.
- Se yon moman privilèj tou avèk doktè a oswa saj fanm nan:
  - pou deside metòd kontrasepsyon y ap mete an plas aprè IVG a;
  - pou fè yo preskri w, si se chwa w, un tès depistaj enfeksyon moun pran nan rapò seksyèl, tankou enfeksyon pa VIH, ansanm ak yon tès depistaj kansè kòl iteris (apati 25 lane).



- Lè pwofesyonèl la (doktè a oswa saj fanm nan) pa fè IVG a li menm, li dwe fè w konnen non yon doktè oswa yon etablisman ki fè sa a. L ap remèt ou demann ou a epi l ap ba w yon atestasyon ki pwouve w te byen satisfè ak etap anvan yo ki obligatwa (pati enfòmasyon ak pou remèt konsantman).

### Lòt konsiltasyon medikal yo

Lè teknik yo chwazi a bezwen yon anestezi ki pa anestezi estrikteman lokal, li obligatwa pou yo fè yon konsiltasyon pre-anestezi anvan entèvansyon an.

# TWAZYÈM PATI A: REYALIZASYON IVG A



3

## TWAZYÈM PATI A: IVG A

Jiska fen



gwosès la



### METÒD AK ZOUTI

- Si yo rekòmande oswa chwazi anestezi jeneral la, mwen pran yon randevou pou yon **konsiltasyon pre-anestezi**.
- Entèvansyon an ap dire yon di minit konsa.
- Anestezi lokal oswa jeneral: Mwen entène lopital sèlman pou kèk èdtan

> Metòd sa a ka fèt nan yon etablisman oswa yon sant sante

Jiska fen



gwosès la



### METÒD AK MEDIKAMAN

- Pandan premye konsiltasyon an oswa apre sa a ki te fèt lakay mwen an, mwen pran premye medikaman an (**mifépristone**) ki kanpe gwosès la.
- Nan 24 ak 48 èdtan: Mwen pran dezyèm medikaman an (**misoprostol**) menm si mwen te gen senyen nan premye dòz la. Medikaman sa a pral pwovoke avòtman.
- Senyen yo ka kontinye jiska 10 jou apre avòtman an

> Metòd sa a ka fèt an prezans yon pwofesyonèl sante oswa adomisil



Gen de metòd IVG:

- metòd ak zouti a;
- metòd ak medikaman an.

Teknik y ap itilize a ap depann sou chwa w, sa a w ap atann, posib kont-endikasyon medikal ki gen rapò ak sante w oswa kondisyon lavi w epi nivo gwosès ou a. Ou kapab fè chwa sa a ak èd (dokte a oswa saj fanm) pwofesyonèl sante a.

## IVG ak zouti

**Yo kapab fè IVG ak zouti a jiska fen 14<sup>èm</sup> semèn gwosès la, oswa 16 semèn aprè dènyè règ yo te kòmanse.**

Se yon dokte nan yon **etablisman sante oswa yon sant sante ki otorize** oswa yon saj fanm k ap travay nan yon etablisman sante pou moun ki fè aktivite sa a<sup>1</sup>.

### Dewoulman IVG ak zouti a

#### → Metòd la

IVG ak zouti a se lè yo rale tout sa a ki anndan matris la aprè yo fin ouvè kòl la. Yo kapab fè ouvèti kòl matris la lè yo bay moun nan yon medikaman. (Dokte a oswa saj fanm nan) ap antre yon tib ak dimansyon ki apwopriye ak nivo gwosès la nan matris la pou rale tout sa a ki anndan matris la.

#### → Anestezi a

Yo ka reyalize entèvansyon an sou anestezi lokal oswa anestezi jeneral. W ap chwazi, ak èd dokte a oswa saj fanm nan, ki mòd anestezi ki pi byen apwopriye ak sitiyasyon w la.

#### → Reyalizasyon an

Anpil fwa, li sifi pou gen yon siveyans kèk èdtan nan etablisman oswa sant sante pou yon IVG, menm si yo pratike l sou anestezi jeneral.

Entèvansyon an ap dire yon di minit konsa.

Y ap pwopoze w yon kontrasepsyon depi w fin fè IVG a pou li ka byen fonksyone imedyatman.

---

<sup>1</sup> Selon sa a dekrè aplikasyon lwa 2 mas 2022 ap atann, ki jeneralize pratik IVG ak zouti a pa yon saj fanm ki fòm k ap travay nan yon etablisman sante, y ap fè aktivite sa a nan kad eksperyans nan kèk etablisman.

## Ki pwoblèm ki ka pase pandan yon IVG ak zouti?

Konplikasyon imedyà yo ra:

- emoraji pandan yon IVG se yon bagay ki vrèman ra;
- twou nan matris la pandan pwosesis rale ak zouti a se yon bagay ki eksepsyonèl.

Konplikasyon aprè yon IVG ra. Sepandan, nan jou aprè entèkansyon an, ou kapab, nan kèk ka, genyen:

- lafyèv, ak yon tanperati ki plis pase 38 °C;
- anpil pèt san;
- anpil vant fè mal;
- yon malèz.

**Si w genyen youn oswa plizyè nan sentòm/siy sa yo, ou dwe kontakte rapid etablisman kote yo te fè IVG w la oswa si w vle, sèvis ijans ki pi pre w la paske sa a kapab yon siy yon konplikasyon.**

## Efikasite metòd la

Pousantaj reysit metòd ak zouti a 99,7%, risk pou li se yon echèk la vrèman fèb.

## IVG ak medikaman an

Yo kapab fè IVG ak medikaman an jiska fen **7<sup>em</sup> semèn gwosès la**, oswa 9 semèn aprè dènyè règ yo te kòmanse.

Yo fè IVG ak medikaman an:

- nan etablisman sante (lopital, klinik);
- nan klinik doktè, ak yon doktè oswa yon saj fanm ki gen otorizasyon;
- nan yon sant sante seksyèl (ansyen sant planifikasyon oswa edikasyon pou fanmi yo) ki gen otorizasyon;
- nan yon sant sante ki gen otorizasyon;

Nan vil la, sèl doktè ak saj fanm ki gen yon akò ak yon etablisman sante ki otorize pou pratike IVG ak medikaman yo.

Yo ka fè IVG ak medikaman an nèt oswa pasyèlman pa konsiltasyon nan telefòn (anèks 3).

## Dewoulman IVG ak medikaman an

IVG ak medikaman an gen pou wè ak pran de medikaman:

### 1. Pran mifepriston (mifépristone, an franse)

Medikaman sa a **ap kòmanse entèripsyon gwosès la**. Yo ka pran l adomisil, oswa nan konsiltasyon an.

Li bloke aksyon òmòn ki nesèsè pou kenbe gwosès la (pwojestewòn), li pèmèt kontraksyon matris yo ak ouvèti kòl matris la byen fèt

Depi nan premye etap sa a, kapab genyen senyen ak doulè ki plizoumwen enpòtan men sentòm yo kòmanse jeneralman aprè yo fin pran 2<sup>èm</sup> medikaman an.

---

**!** Senyen yo pa siy ki di gwosès la kanpe. Li obligatwa pou pran 2<sup>èm</sup> medikaman an.

---

Yo ka preskri w metòd kontrasepsyon pandan konsiltasyon sa a.

### 2. Pran mizopwostòl (misoprostol, an franse), ant 24 èdtan ak 48 èdtan pou pi ta

Yo ka pran medikaman sa a adomisil, oswa nan konsiltasyon an, osinon pandan yon ti kout tan w etène lopital. Li ogmante kontraksyon yo epi li pwovoke IVG a. Kontraksyon matris yo ap bay doulè ki sanble ak doulè règ yo, pafwa yo konn pi fò (doulè basen) epi ki ka diminye gras ak preskripsyon analjezik.

Senyen ki souvan yon jan anpil ki akonpanye eliminasyon gwosès la kapab pase byen rapid aprè yo fin pran mizopwostòl; men kèk fwa, yo ka pase pi ta:

- nan 60% ka yo, eliminasyon gwosès la ap fèt nan 4 èdtan aprè yo fin pran mizopwostòl la;
- nan 40% ka yo, eliminasyon gwosès la ap fèt ant 24 èdtan ak 72 èdtan aprè yo fin pran mizopwostòl la.

Senyen ap dire jeneralman yon kenz jou konsa.

Metòd sa a pa bezwen ni anestezi ni entèvansyon chiriji lè sa a byen pase.

## Ki pwoblèm ki ka pase pandan yon IVG ak medikaman?

Bagay negatif imedyà ki pa enkyete moun ki rive pi souvan yo se:

- doulè basen doktè a oswa saj fanm nan preskri analjezik yo;
- senyen;
- pwoblèm dijestif: tèt vire, vomisman, dyare.

**Nan jou aprè IVG a, si w genyen youn oswa plizyè nan sentòm/siy sa yo, ou dwe kontakte rapid pwofesyonèl ki te pran swen w pou IVG a paske sa a kapab youn siy youn konplikasyon:**

- lafyè, ak yon tanperati ki plis pase 38 °C;
- pèt san ki vrèman anpil;
- vant fè mal ki vrèman atwòs;
- yon malèz.



---

Gid pratik *Avòtman volontè gwosès ak medikaman adomisil* ki nan anèks 4 dosye sa a ap akonpanye w pandan tout demach sa a epi li detaye sentòm pou siveye yo.

---

## Efikasite metòd la

Pousantaj sikse metòd ak medikaman an nan 95% konsa.



---


**Nan toulède ka yo** (IVG ak medikaman oswa ak zouti), si gwoup san w se rhesus negatif, w ap resewva yon piki gamma globilin anti-D pa pita pase 72 èdtan apre kòmansman senyen an pou evite konplikasyon pandan yon gwosès nan lavni. Sonje pote kat gwoup san w la.

---

# KATRIYÈM PATI A: KONSILTASYON SWIVI



## KATRIYÈM PATI A: KONSILTASYON SWIVI



### > OBLIGATWA

Pou asire pwosis la reyisi epi pa gen okenn konplikasyon.



### KONSILTASYON SIKOSOSYAL

Si m santi nesosite a

Yon konsiltasyon swivi nesèsè definitivman aprè IVG a. Li pèmèt pou rasire gwosès la byen kanpe epi pa genyen konplikasyon.

Yo dwe fè l ant 14<sup>èm</sup> ak 21<sup>èm</sup> jou aprè IVG a, pafwa pi bonè selon sikonstans klinik yo.

- Nan kad IVG ak zouti a, se avèk doktè a oswa saj fanm nan pou w fè konsiltasyon sa a.
- Nan kad IVG ak medikaman an, li te fèt:
  - nan klinik doktè a oswa saj fanm nan;
  - nan sant sante seksyèl (ansyen sant planifikasyon oswa edikasyon pou fanmi yo) ki gen otorizasyon;
  - nan sant sante ki gen otorizasyon;
  - nan etablisman sante.

Yo kapab fè l a distans nan kad yon konsiltasyon pa telefòn. (gade anèks 3).

Pandan konsiltasyon swivi a, doktè a oswa saj fanm nan ap repale sou kontrasepsyon an avèk ou si w ta renmen fè youn pou adapte l ak sitiyasyon w la.

L ap pwopoze w tou pou w fè yon entèvyou sikosoyal si w ta swete sa a.





---

## KONTRASEPSYON APRÈ YON IVG

---



Gen posiblite pou yon nouvo gwosès imedyatman aprè yon IVG. Se sa a ki fè li nesèsè pou itilize yon metòd kontrasepsyon ekzakteman aprè entèvansyon an si w bezwen sa a.

---

Konsiltasyon medikal yo fè pou fè yon IVG pèmèt ou resevwa enfòmasyon detaye sou metòd kontrasepsyon ki disponib yo epi diskite ak doktè a oswa fanmsaj la pou chwazi kontrasepsyon ki bon pou ou a. Kòm yon gwosès ka rive byen vit, y ap mete an plas metòd kontrasepsyon yo chwazi a pi vit posib apre yo fin fè IVG a.

### Preskripsyon yon kontrasepsyon

Kapab preskri yon kontrasepsyon aprè yon IVG:

- doktè yo;
- fanm saj yo.

Sant sante seksyèl yo (ansyen CPEF) bay medikaman oswa kontraseptif gratis bay minè ki vle kenbe sekre a epi ak moun ki pa gen pwoteksyon sekirite sosyal.

Premye konsiltasyon pou kontrasepsyon ak prevansyon maladi moun pran nan rapò seksyèl (ki rele CCP) aksesib pou jèn ki poko gen 26 lane epi li kouvri 100%<sup>1</sup>. Pa gen okenn posiblite pou frè yo depase.

Pou jèn fanm ki poko gen 26 lane, tout pwosesis kontrasepsyon yon doktè oswa yon fanmsaj fè (konsiltasyon<sup>2</sup>, egzamen byolojik), ansanm ak livrezon metòd kontrasepsyon asirans sante yo pran an chaj gratis epi yo konfidansyèl, si jenn fanm nan vle sa a.

---

1 Pou CPP a, pa gen okenn otorizasyon pou frè yo depase.

2 Yon konsiltasyon pa ane ak yon konsiltasyon swivi premye ane w gen aksè ak kontrasepsyon an. Yo pa pran frè ki depase yo.

## Chwa yon kontrasepsyon

Pou nou ka ede w nan chwa w la, yo raple nan anèks 4 plizyè metòd kontrasepsyon ki disponib.

Pa gen okenn metòd yo kont-endike aprè yon IVG, sof nan ka patikilye.

## Konfigirasyon kontrasepsyon an

Yo ka mete an plas kontrasepsyon fanm nan chwazi a depi yo fin fè IVG a.

Yo ka mete yon aparèy pou anndan matris (kwiv oswa pwojestewòn) imedyatman aprè yo fin fè IVG ak zouti a (eksepte nan ka yon epizòd enfeksyon) oswa pandan vizit swivi pou yon IVG ak medikaman.

Yo ka kòmanse kontrasepsyon òmonal, estwopwojestatif (konprime, patch transdèm) oswa pwojestatif (grenn, enplan, piki miskilè):

- menm jou a oswa nan jou aprè IVG ak zouti a;
- jou yo pran mizoprostòl – pran 2èm medikaman – pou yon IVG ak medikaman.

Yo ka itilize kapòt ekstèn (sa a ki pou gason) oswa kapòt entèn (sa a ki pou fanm) depi yo kòmanse fè rapò seksyèl ankò. Se sèl kontraseptif ki pwoteje kont enfeksyon moun pran nan rapò seksyèl, tankou VIH-Sida.

Anplis sa a, metòd kontrasepsyon ki mande manipilasyon nan vajen (bag nan vajen, bouchon nan kòl matris, elatriye) pa rekòmande imedyatman aprè entèvansyon an, pandan premye sik la aprè IVG a.

## Kontrasepsyon an ijans

Kontrasepsyon an ijans diminye risk pou yon gwosès endezirab aprè yon rapò seksyèl san pwoteksyon oswa ki mal pwoteje (mank kontrasepsyon, bliye pran grenn, kapòt ki chire, elatriye).

Itilizasyon li a dwe rete okazyonèl pito; li pa ka ranplase kontrasepsyon regilye a.

Efikasite nan kontrasepsyon an ijans la maksimòm si yo pran li nan kèk èdtan aprè rapò seksyèl la, e pou pi ta nan 5 jou.


Gen de tip kontrasepsyon an ijans:

- kontrasepsyon òmòn an ijans, ki disponib san yon preskripsyon ak 100% ranbousman pou tout moun ki asire nan famasi yo. Li gratis epi yo bay li anonim ak minè yo.
- aparèy an kwiv anndan matris, sou preskripsyon medikal (doktè, fanmsaj) gratis sou preskripsyon jiska laj 26 lane, epi y ap ranbouse l ak 65% apati laj 26 lane.

Kontrasepsyon òmonal an ijans la pa fyab a 100%. Aparèy an kwiv anndan matris la se kontrasepsyon an ijans ki pi efikas. Si, malgre itilizasyon li, ou remake yon reta nan règ ou epi yon gwosès rive, li enpòtan pou konsilte yon doktè oswa yon fanmsaj.

## Ki kote pou jwenn enfòmasyon adisyonèl sou kontrasepsyon?

- Nan sant sante seksyèl (ansyen CPEF) menm jan ak etablisman pou enfòmasyon, konsiltasyon ak konsèy pou fanmi yo (EICCF) oswa EVARS. Kontak etablisman sa yo, yo divize pa depatman, disponib sou sitwèb yo mansyone anba yo.
- Nan nimewo nasyonal anonim epi gratis «Seksyalite – Kontrasepsyon – IVG»: **0 800 08 11 11**.
- Sou sitwèb sa yo:
  - <https://questionsexualite.fr/choisir-sa-contraception>: sit sa a ede w chwazi metòd kontrasepsyon ki pi bon pou ou selon fason w viv oswa sityasyon pèsonèl ou;
  - <https://ivg.gouv.fr/>: sit sa a ba w enfòmasyon itil konsènan IVG ak kontrasepsyon aprè yon IVG.



---

# ANÈKS

---

## Anèks 1

Espesyalite IVG kay jèn fanm minè ..... 22

## Anèks 2

Plan IVG yo ..... 23

## Anèks 3

IVG nan konsiltasyon pa telefòn ..... 27

## Anèks 4

Gid pratik sou avòtman volontè gwosès  
ak medikaman adomisil ..... 28

## Anèks 5

Metòd kontrasepsyon yo ..... 36

## Anèks 6

Referans lalwa ak règleman ..... 38

## Espesyalite IVG kay jèn fanm minè

**Lalwa pèmèt nenpòt fanm ansent, ni minè yo, ki pa vle kontinye ak yon gwosès, mande yon doktè oswa yon fanmsaj pou kanpe li.**

Si w se yon minè, ou dwe mande entèvansyon sa a ou menm, san prezans okenn lòt moun.

### Avèk konsantman paran yo

Ou ka chwazi pou mande konsantman ak youn nan paran w yo oswa reprezantan legal ou a epi w ka akonpaye pa youn nan fanmi sa yo nan pwosesis IVG ou a.

### San konsantman paran yo

Si w vle kenbe sekre a pa rapò ak paran w yo oswa si yo pa jwenn konsantman yo a (refi paran yo pou yo bay konsantman yo oswa li enposib pou kontakte youn nan yo), IVG a menm jan ak aktivite medikal yo - an patikilye anestezi ak swen ki gen rapò yo - yo fèt sou demann ou sèlman epi kidonk, yo pa bezwen siyati paran w yo pou otorizasyon pou yo opere.

Nan sitiyasyon sa yo, ou dwe fè yon granmoun ou chwazi akonpanye w nan demach ou a. Li pa pral siyen okenn dokiman.

**Si w se yon minè epi w fè demann nan, w ap kapab benefisye anonima total pou fè yon avòtman** e sa a, nenpòt kote w ap chwazi pou fè IVG a.

## Pou yo ka fè IVG a:

Ou dwe kenbe dokiman ki sètifye yo fè demach ki obligatwa yo:

- atestasyon doktè a oswa fanmsaj la remèt la ki pwouve w te byen satisfè ak **etap medikal anvan yo** ki obligatwa (pati enfòmasyon ak pati remèt konsantman).
- atestasyon **konsiltasyon sikosoyal;**
- **konfimasyon alekri w la** sou demann **IVG;**
- **konsantman alekri papa w ak manman w** (oswa reprezantan legal ou a), oswa si w pa genyen konsantman sa a **yon dokiman ki sètifye w te chwazi granmoun ki akonpanye yo.**

## Sipò finansye IVG pou minè

Dispozisyon legal yo bay, pou fanm minè ki pa devlope epi ki pa genyen konsantman paran yo, swen konplètman anonim anplis IVG gratis la.

Menm si IVG a ak medikaman oswa ak zouti, yo p ap fè okenn demann pèman pou:

- konsiltasyon IVG anvan yo;
- ekzamen adisyonèl ki pèmèt prensipalman detèmine dat gwosès (analiz san, ekografi, elatriye);
- konsiltasyon pre-anestezi si sa a nesèsè;
- frè tretman ak frè entènè lopital pou IVG yo fè nan yon etablisman sante oswa frè ki gen rapò ak reyalizasyon IVG ak medikaman yon doktè oswa yon fanmsaj deyò yon etablisman sante fè (konsiltasyon pou livrezon medikaman, konsiltasyon swivi, medikaman).

## Plan IVG yo

Asirans maladi a kouvri 100% frè ki gen rapò ak IVG a nòmalman. Depi 1ye avril 2016, yo ranbouse tout ekzamen ki asosye ak IVG yo tou.

Yo pran an konsiderasyon IVG a a 100 % nan kad yon tarif plan avèk ekzonerasyon total frè anvan yo pou tout fanm depi 2021.

### Pri ekzamen yo fè nan vil la

Depi 1ye avril 2016, frè ki asosye ak egzamen ki nesèsè pou fè yon IVG kouvri nèt nan vil la.

Yo gen pou wè ak yon preskripsyon medikal nan men yon doktè oswa yon fanmsaj, ki asosye ak kòd sa yo:

Kòd sèvis	Ekzamen ki gen rapò	Tarif apati 18 desanm 2019
<b>FPB</b>	<b>Analiz byolojik anvan IVG a</b>	<b>69,12 €</b>
<b>FUB</b>	<b>Kontwòl byolojik aprè IVG a</b>	<b>17,28 €</b>
<b>IPE</b>	<b>Verifikasyon ekografi anvan IVG a</b>	<b>35,65 €</b>

Doktè a oswa fanmsaj la ka faktire tou pandan konsiltasyon swivi (apre IVG a) yon ekografi pou kontwòl (konsiltasyon ak ekografi = 30,24 €).

Laboratwa byoloji medikal ak sant imaj yo pa gen dwa pa chaje twòp pou aktivite sa yo.



## Pri IVG ak medikaman an nan kad premye asistans

Asirans maladi a ap 100% ranbouse IVG ak medikaman nan nan vil la (biwo premye asistans - doktè oswa fanmsaj), sant sante, sant sante seksyèl (ansyen CPEF) ak tarif yo fikse pa dekrè nan chak etap.

Doktè a oswa fanmsaj ki fè tout yon IVG ap faktire chak etap sa yo, pou yon salè fiks ki prevwa nan dekrè a <sup>1</sup>.

Plan sa a genyen:

- konsiltasyon medikal la sou konsantman, anvan IVG a. Yo ranbouse 100% konsiltasyon sa a nan vil la, menm si yo fè IVG a aprè nan lopital;
- de konsiltasyon medikal pou medikaman yo,
- livrezon medikaman yo;
- konsiltasyon medikal swivi a (pandan konsiltasyon an doktè a oswa fanmsaj la ka chwazi fè yon swivi pa ekografi);
- piki posib antikò anti-D pou fanm ki gen gwoup san rhesus negatif.

Lè yo fè pwosedi IVG a nan kad konsiltasyon pa telefòn, doktè a ak fanmsaj la ap resevwa salè ki koresponn ak konsiltasyon yo epi famasyen an ap resevwa yon salè ki pi plis ki koresponn ak livrezon medikaman yo.

## Kou IVG ak medikaman nan etablisman sante

Asirans maladi a ranbouse 100% IVG ak medikaman ki fèt nan yon etablisman sante (lopital, klinik) selon yon tarif plan ki fikse ant 353.64 € ak 376.77 € pa rapò ak sipèvizyon medikal ak ekografi swivi aprè operasyon an.

Pri sa a genyen:

- analiz laboratwa anvan IVG a;
- ekografi anvan IVG a;
- konsiltasyon medikal sou konsantman an, anvan IVG a, si yo pa t fè l nan vil la;
- de konsiltasyon medikal pou pran medikaman yo, medikaman yo ak konsiltasyon medikal swivi a (pandan konsiltasyon an doktè a oswa fanmsaj la ka chwazi fè yon swivi pa ekografi);

<sup>1</sup> Dekrè 26 fevriye 2016 ki gen rapò ak plan ki gen rapò ak avòtman volontè gwosès

- piki posib antikò anti-D pou fanm ki gen gwoup san rhesus negatif;
- analiz kontwòl byolojik aprè IVG a.

Y ap ranbouse 100% egzamen byolojik ak ekografi ki fèt anvan ak aprè IVG a.

### Pri IVG ak zouti a

Asirans maladi a ranbouse 100% IVG ak zouti selon yon tarif plan ki fikse ant 504.41 € ak 830.06 € pa rapò ak estrikti a (etablisman sante - lopital oswa klinik - oswa sant sante), kalite anestezi a (lokal oswa jeneral) epi dire tan moun nan fè lopital la.

Pri sa a genyen:

- konsiltasyon medikal sou konsantman an, anvan IVG a, si yo pa t fè l nan vil la;
- analiz anvan IVG a;
- anestezi lokal oswa jeneral ak konsiltasyon pre-anestezi si sa a nesesè, aktivite IVG ak siveyans, resepsyon ak kote pou rete;
- konsiltasyon medikal swivi a (pandan konsiltasyon an doktè a oswa fanmsaj la ka chwazi fè yon kontwòl pa ekografi);

Yo pa kapab faktire salè pa jou a.



Fanm ki pa benefisye dwa ki louvri pou asirans maladi kapab benefisye yon swen gratis sèlman nan yon etablisman lopital.

## IVG nan konsiltasyon pa telefòn

IVG a ka fèt an pati oswa totalman adistans, nan telemedsin, ak òganizasyon konsiltasyon pa telefòn ant fanm nan ak pwofesyonèl medikal la. Sèlman reyalizasyon IVG ak zouti a ki pa kapab fèt a distans.

Kidonk, yo kapab reyalize a distans, atravè konsiltasyon pa telefòn:

- Pati pou enfòmasyon yo,
- Si sa a posib, entèvyou sikosoyal la,
- Pati pou koleksyon konsantman epi remèt preskripsyon yo:
  - Se poutèt sa a, pandan konsiltasyon pa telefòn nan, fanm nan ap di pwofesyonèl swen sante a ki famasi ki pral ba l medikaman li yo;
  - Kidonk, se famasyon kominotè yo k ap fè livrezon medikaman avòtman yo bay fanm yo aprè konsiltasyon pa telefòn nan, epi aprè yo fin resevwa preskripsyon pwofesyonèl sante a voye bay fanm nan san fakti.
- Pran medikaman yo adomisil,
- Konsiltasyon swivi aprè IVG a.

Yo ka fè etap sa yo pa konsiltasyon nan telefòn oswa fas a fas selon chwa pwofesyonèl sante a epi fanm nan. Pwofesyonèl lasante a lib pou l ofri oswa pa ofri konsiltasyon pa telefòn: li ka konsidere yon konsiltasyon avèk li dirèkteman nesesè, tou depann eta sante fanm nan. Fanm nan lib pou asepte oswa refize konsiltasyon pa telefòn nan. Anplis sa a, li ka, nenpòt ki lè, retire konsantman li epi mande swen fas a fas si li vle sa a.

Konfidansyalite done ak sekre medikal yo garanti lè yo sèvi ak zouti ki dedye ak pratik telemedsin.

Pri a ak swen yo se menm si IVG a fèt nan prezans pwofesyonèl la oswa adistans atravè telemedsin.

## Gid pratik sou avòtman volontè gwoès ak medikaman adomisil



PLIS ENFÒMASYON

[WWW.IVG.GOUV.FR](http://WWW.IVG.GOUV.FR)



**MINISTÈRE  
DE LA SANTÉ  
ET DE LA PRÉVENTION**

*Liberté  
Égalité  
Fraternité*

## Entèripsyon volontè gwosès (avòtman) ak medikaman adomisil

**Gid pratik**



## REZIME

1- KÒMAN IVG AK MEDIKAMAN AN FONKSYONE.....	4
2- KILÈ POU ENKYETE EPI KISA POU FÈ? .....	6
3- EPI APRÈ, KI SWIVI? .....	7

*Yo dwe remèt gid sa a bay fanm nan lè pwofesyonèl swen sante a bay oswa preskri medikaman yo. Li pa ka libere pwofesyonèl la anba obligasyon legal li pou l bay fi a tout fichye gid la pandan konsiltasyon pou enfòmasyon an.*

## 1 - KÒMAN IVG AK MEDIKAMAN AN FONKSYONE?

Gen de medikaman diferan pou w pran nan entèval 24 èdtan/48 èdtan: **mifépristone** epi **misoprostol**. Doktè w la oswa fanmsaj ou a ap remèt oswa preskri w medikaman sa yo.

### → jou w pran 1<sup>èm</sup> medikaman an (mifépristone) epi nan demen

Pa **genyen nòmalmman reyaksyon grav** aprè w fin pran medikaman sa a. Ou kapab senyen yon ti kras. Li vrèman ra pou w ka senyen anpil ak kèk doulè. Pa neglije pran **antidoulè** doktè a oswa fanmsaj la preskri w yo. Si sa a pa rete, konsilte doktè w oswa fanmsaj ou a.

Ou ka fè aktivite w yo nòmalmman.

### → jou w pran 2<sup>èm</sup> medikaman an (misoprostol)

Menm si w te deja senyen aprè premye medikaman an, li **obligatwa** pou pran dezyèm nan jan sa a pwograme a. Kidonk, 1ye medikaman an te kòmanse kanpe gwosès la. Se asosyasyon toulède medikaman sa yo k ap pwovoke kontraksyon yo epi abouti ak avòtman an. Li nesèsè pou pran l.


Li rekòmande pou pran kalman 15 a 30 minit anvan w pran misoprostol la pou prevwa doulè medikaman sa a pral deklanche a.

Senyen yo ka pi plis pase lè yon moun gen règ li. Li kapab genyen doulè, tankou doulè règ oswa pi rèd toujou.

Gen **efè endezirab** ki posib: tèt vire oswa vomisman, pafwa dyare, yon lafyèv ki monte 38°C. Sentòm sa yo ap dire sèlman kèk èdtan.

Avòtman an souvan fèt nan **4 èdtan** aprè w fin pran 2èm medikaman sa a. L ap fèt pafwa pi bonè oswa pi ta (jiska 3 jou).





### Pou konsidere tout ka posib:

- Pa planifye yon vwayaj oswa yon evènman enpòtan pandan 3 jou sizoka avòtman an fèt byen vit, nan lòt ka yo, li ka fèt nan 3 jou.
- Enstale w alèz lakay ou oswa lakay yon moun ou fè konfyans.
- Pa rete sèl pou w ka genyen yon moun pou ede w si w ta gen bezwen.
- Si w gen timoun, bay yon moun pran swen yo pou kèk èdtan apre w fin pran dezyèm medikaman an.
- Pran medikaman kont doulè doktè a oswa fanmsaj la preskri w yo anvan w gen doulè, dapre konsèy preskripsyon an.



## 2- KILÈ POU ENKYETE EPI KISA POU FÈ?

•Si w te vomi mwens pase 30 minit apre w fin pran medikaman an	<i>Rekontakte sant la oswa doktè oswa fanmsaj ki te trete w pou IVG a.</i>
•Si w senyen twòp, sa a vle di si w oblije chanje kotèks chak 30 minit (kotèks gwose maksimòm) pou plis pase 2 èdtan youn apre lòt.	<i>Ale nan sal ijans doktè a oswa fanmsaj la rekòmande w la avèk fòm lyezon ou a, epi si sa a posib, avèk kat vital ou a.</i>
•Si w gen gwo doulè malgre yo preskri w medikaman kont doulè yo	<i>Konsilte doktè a oswa fanmsaj ki te trete w pou IVG a oswa ale nan ijans dirèkteman.</i>
•Si w gen lafyèv nan jou ki vini apre dezyèm dòz medikaman an	<i>Konsilte doktè a oswa fanmsaj ki te trete w pou IVG a.</i>
•Si w pa t gen ti senyen oswa pa t gen okenn senyen nan 3 jou apre dezyèm dòz medikaman an	<i>Konsilte doktè a oswa fanmsaj ki te trete w pou IVG a (san w pa tann randevou ki te planifye a).</i>

Si w gen enkyetid, konsilte anvan doktè a oswa fanmsaj ki te trete w pou IVG a nan nimewo: .....

### Nan ka ijans, kontakte:

→ etablisman sante doktè w la oswa fanmsaj ou a rekòmande a

- nimewo a .....
- adrès la .....

→ 112 la oswa 15 la

### 3 - EPI APRÈ, KI SWIVI?

#### Konsiltasyon swivi

Li nòmal pou senyen pou yon ken z jou, pafwa jiska konsiltasyon pou swivi a.

**Konsiltasyon sa a obligatwa** e li pèmèt pou rasire gwosès la byen kanpe epi yo pa bezwen pyès lòt aktivite adisyonèl. Kidonk, nan yon ti kantite ka, gwosès la ka kontinye pwogrese malgre gwo senyen.

#### Randevou a planifye pou 14 jou rive 21 jou aprè IVG a

Mwen gen randevou nan dat: \_\_\_\_\_



#### Mwa pwochen

Si w pa gen règ ou oswa senyen 4 rive 6 semèn aprè yo fin fè IVG a, kontakte sant la, doktè oswa fanmsaj ki te trete w pou IVG a.



#### RETE VIJILAN

Yon gwosès posib depi nan premye mwa aprè avòtman an. Se poutèt sa a, li esansyèl pou diskite sou kontrasepsyon pi vit posib ak doktè w la oswa fanmsaj ou a, ki pral kapab konseye w sou metòd ki pi apwopriye ak jan w ap viv.

Tout enfòmasyon sou sijè sa a sou sitwèb:

<https://questionsexualite.fr/choisir-sa-contraception>

**PLIS ENFÒMASYON**

**WWW.IVG.GOUV.FR**

**0 800 08 11 11**

**Sèvis ak apèl  
anonim epi gratis**

Seksyalite - Kontrasepsyon - IVG

Nimewo aksesib nan Lafrans metwopolitèn ak nan depatman lòt  
bò dlo yo (DOM, an Fransè)  
lè lendi, soti 9è nan maten jiska 10è nan aswè epi soti madi rive  
samdi, 9è nan maten jiska 8è nan aswè

## DIFERAN METÒD KONTRASEPSYON YO

METÒD LA	PRi	KÒMAN POU GENYEN L?
<p><b>DIU (Dispozitif pou anndan matris)</b></p> <p>Genyen 2 kalite: ak kuiv oswa ak levonorgestrel. Yon doktè oswa yon fanm saj ap mete DIU a (yo te konn rele anvan "esterilet") nan matris la. Mete li a ap pran kek minit. Doktè a oswa fanm saj la ka retire l depi fanm nan vie sa a.</p> <p>Li efikas pou 4 rive jiska 10 lane, selon modèl la. Li ka sèvi pou anpil tan epi li pènet ou gen lespri trankil.</p>	<p><b>DIU ak kuiv 34 €.</b></p> <p>DIU òmonal: ant 96 € ak 107 €. Ranbouse ak 65%.</p> <p>Gratis:</p> <p>pou moun ki poko gen 26 lane: nan famasj<sup>2</sup> epi san kondisyon laj nan sant sante seksyèl (ansyen CPEF 3);</p> <p>pou moun ki pa gen asirans sosyal: nan CPEF<sup>1</sup>.</p>	<p>Yon doktè oswa yon fanm saj preskri, mete epi retire li</p> <p>Disponib sou preskripsyon nan famasi.</p>
<p><b>Konprime kontraseptif</b></p> <p>Yon konprime yo dwe pran chak jou epi a menm lè pandan 21 jou oswa 28 jou, tou depann kalite konprime an.</p> <p>Gen de kalite: konprime konbine estwopwojostatif ki gen de òmon ak konprime pwojostatif sèlman ki gen yon sèl òmon.</p> <p>Konprime estwojèn konbine yo klase dapre jenerasyon pwojestajen nan.</p> <p>Y ap konsidere kalite jenerasyon yo pi pito a ak pwofesyonèl sante yo konsilte a.</p>	<p>apèpre 1.50 € / mw a pou konprime yo ranbouse yo ak 65% (sa a vle di konprime 1<sup>re</sup> ak 2<sup>ye</sup> jenerasyon). Lèt yo gratis.</p> <p>Gratis:</p> <p>pou moun ki poko gen 26 lane: nan famasj<sup>2</sup> epi san kondisyon laj nan sant sante seksyèl (ansyen CPEF 3);</p> <p>pou moun ki pa gen asirans: nan sant sante seksyèl (ansyen CPEF 3).</p>	<p>Preskri pa yon doktè oswa yon fanm saj. Li ka renouvle pa yon enfimye pou yon maksimòm 6 mw a.</p> <p>Disponib sou preskripsyon nan famasi.</p> <p>Famasyon an ka renouvle disponiblite a pou yon maksimòm 6 mw a.</p>
<p><b>Patch kontraseptif</b></p> <p>Yon patch pou kole pou tèt ou sou po a yon fwa pa semèn epi pou renouvle chak semèn, pandan 3 semèn.</p> <p>Pandan 4<sup>e</sup> semèn nan, ou p ap mete yon patch, men w ap toujou pwoteje. Sispann li ap lakòz règ la vini.</p> <p>Patch la se yon metòd estwopwojostatif paske li gen de kalite òmon: yon estwopwojostatif ak yon pwojostatif. Yo pral konsidere si li apwoyriye ak pwofesyonèl sante yo konsilte yo.</p>	<p><b>Anviwon 15 €/mw a.</b></p> <p>Pri gratis. Pa ranbouse.</p>	<p>Preskri pa yon doktè oswa yon fanm saj.</p> <p>Disponib sou preskripsyon nan famasi.</p>
<p><b>Enplan kontraseptif</b></p> <p>Yon baton fòm silind 4 cm nan longè ak 2 mm nan lajè yo mete anba pou nan pati bra a sou anestezi lokal. Mete li a ap pran kek minit.</p> <p>Yon doktè oswa yon fanm saj ka retire l depi fanm nan vie sa a. Enplan an ka rete an plas pandan 3 lane. Enplan an se yon metòd kontraseptif òmon.</p>	<p><b>103 €.</b></p> <p>Ranbouse ak 65%. Gratis:</p> <p>pou moun ki poko gen 26 lane: nan famasj<sup>2</sup> epi san kondisyon laj nan sant sante seksyèl (ansyen CPEF 3);</p> <p>pou moun ki pa gen asirans: nan sant sante seksyèl (ansyen CPEF 3).</p>	<p>Yon doktè oswa yon fanm saj preskri, mete epi retire li</p> <p>Disponib sou preskripsyon nan famasi.</p>

(1) Pri piblik plizourmwèn yo touche sou teritwa Lafrans an 2016

(2) Pou mink ki gen pou pi piti 15 lane ki gen asirans sosyal oswa moun ki sou responsablite li yo.




(3) Sant planifikasyon ak edikasyon famiyal.

METOD LA	PRI	KÒMAN POU GENYEN L?
<p><b>Ano vajinal</b></p> <p>Yon ano soup ou ka mete ou memm nan vajen an, tou sempleman, tankou yon tampon. Y ap kite li an plas pou 3 semèn. Nan kòmantran <sup>4</sup>an semèn nan, w ap retire ano a ou memm, sa a ak ap lakòz règ la rive.</p> <p>W ap pwoteje memm pandan peryòd ou te sipann nan. Li pèmèt ou benefisye de kontrasepsyon efikas san yo pa reflechi sou li pandan 3 semèn.</p> <p>Ano vajinal la se yon metod estwopojestatif pake li gen de kalite òmòn: yon estwopojestatif ak yon pwogestatif. Yo pral konsidere si li apwofyiye ak pwofesyonèl sante yo konsilte yo.</p>	<p>Anvwon <b>16 €/mwa</b>. Pri gratis. Pa ranbouse.</p>	<p>Preskri pa yon doktè oswa yon fammasj. Disponib sou preskripsyon nan famasi.</p>
<p><b>Dyafrag ak kapichon sèvikal</b></p> <p>Dyafrag la se yon ti koup an silikòn yon moun ka mete pou kont li nan vajen an. Yo tilize l ansanm ak yon pwodwi espènisid. Sa a anpeche espèmatozoyid yo pase.</p> <p>Kapichon an se yon bouli vrèman fen, an silikòn, ki vin kouvri kòl matris la.</p> <p>Yo ka mete dyafrag la oswa kapichon sèvikal la nan moman rapò seksyèl la men tou, kèk èdtan anvan sa a. Li emòtan pou gade li pandan 8 èdtan aprè rapò a. Yo ka tilize l anko.</p>	<p>Ant <b>20 € ak 60 €</b>. Dyafragm ranbouse a 314 €. Kapichon sèvikal gratis yo pa ranbouse.</p>	<p>Preskri pa yon doktè oswa yon fammasj k ap aprann nou mete l. Disponib sou preskripsyon nan famasi. Ou ka iwenn dyafrag la nan sant sante seksyèl (CSS <i>an franse</i>). Yo ka achte espènisid ki akonpanye tilizasyon dyafrag la nan famasi san preskripsyon.</p>
<p><b>Kapòt èksèn (pou gason)</b></p> <p>Li fèt an lareks oswa an poliretàn, y ap desann li sou peni ki rèd la anvan penetrasyon an epi l ap kenbe espèm nan. Anvan ereksyon an fini, ou dwe retire peni w pandan w ap kenbe kapòt la nan baz peni a, aprè sa a, mare tèt li epi jete l nan fatra a. Ou dwe chanje kapòt la nan chak rapò seksyèl. Ou kapab genyen yon jèl libriyan lè w ap tilize kapòt la. Ansanm ak kapòt pou fi a, se sèl metod kontrasepsyon ki pwoteje tou kont VIH ak pifò lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks (ST, <i>an franse</i>).</p>	<p>Apat <b>56 cts</b> kapòt la. Gen kèk mak kapòt ki disponib nan famasi ki garanti 100% pa asirans sante a san preskripsyon medikal jiska laj 26 lane. Apre 26 lane, yo bay yo sou preskripsyon medikal epi se 60% asirans sante a kouvri.</p> <p>Gratis nan CSS* (ansyen CPFF<sup>3</sup>) ak CeGIDD<sup>4</sup>.</p>	<p>San preskripsyon nan famasi, makèt machin lavan, machin lajan ak sou entènèt la.</p>
<p><b>Kapòt entèn (pou fi)</b></p> <p>Gèn an nitril oswa an poliretàn ki gen yon ano fleksib nan tou de tèt yo mete nan vajen an. Yo ka mete l plizyè èdtan anvan rapò seksyèl. Ou dwe chanje kapòt la nan chak rapò seksyèl.</p> <p>Ansanm ak kapòt pou gason an, se sèl metod kontrasepsyon ki pwoteje kont VIH ak pifò lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks (ST, <i>an franse</i>).</p>	<p>Anvwon <b>8-30 €</b> dwat ki gen 3 kapòt la. Pri gratis. Pa ranbouse. Gratis nan CSS* (ansyen CPFF<sup>3</sup>) ak CeGIDD<sup>4</sup></p>	<p>San preskripsyon nan famasi ak sou entènèt la.</p>

(2) Sant sante seksyèl (CSS)

(3) Sant planifikasyon ak edikasyon Familial

(4) Sant enfòmasyon, depistaj ak dyagnostik gratis pou VIH, epatit viral ak lòt IST.

METÒD LA	PRI <sup>1</sup>	KÒMAN POU GENYEN L.2
<p> <b>Espèmisiid</b> Espèmisiid yo vini sou fòm jèl ak ovil yo mete nan vajen an kèk minte anvan chak rapò epi yo detwi espèmatozoïd yo. Yon kontrasepsyon ijans.</p>	<p>Anviwon <b>5 rive 20 €</b> selon tip kontrasepsyon an, pou plizyè dòz. Pri gratis. Pa ranbouse.</p>	<p>San preskripsyon nan famasi.</p>
<p> <b>Pwojestatif yo bay ak pikli</b> Yo bay Pwojestejèn sentetik (medroksipirogestwon) sou fòm pikli nan misk chak twa mwa. Pandan 12 senèn, pwodwi a ap asire yon kontrasepsyon kontinyèl. Se yon doktè, yon enfimye oswa yon famasaj ki ta dwe bay pikli yo nan entèval regilye. Pwojestatif yo bay ak pikli yo se yon metòd kontraseptif omòn.</p>	<p>Chak doz koute <b>3 €</b>. Gratis: • Nan sant sante seksyèl pou mièn ak moun ki pa gen asirans. • Nan famasi: pou moun ki poko gen 26 lane sou kondisyon</p>	<p>Ak preskripsyon nan famasi.</p>
<p> <b>Metòd esterilizasyon nan kad kontrasepsyon</b> Yo ka konsidere metòd sa yo pou gr anmoun, gason oswa fanm. Yo lakoz esterilite yo konsidere kom pèmanan. Entèvansyon an dwe rezilta yon desizyon pèsonèl epi pou li fèt nan yon etablisman sante. Pou plis enfòmasyon, konsilte sitwèb <a href="https://questionsexualite.fr/">https://questionsexualite.fr/</a> oswa <a href="http://www.sante.gouv.fr">www.sante.gouv.fr</a> ribrik "Kontrasepsyon" (gade ti liv enfòmasyon Esterilizasyon nan kad kontrasepsyon).</p>	<p>Ranbouse ak 80%.</p>	<p>Yo ka reyalize entèvansyon an: sèman aprè yon premye konsiltasyon medikal pou enfòmasyon; nan fen yon delè refleksyon 4 mwa aprè premye konsiltasyon sa a; epi aprè konfirmasyon alekri atravè moun ki konsène a, selon sa a li vivè, pou li mande yon entèvansyon.</p>

(1) Pri piblik plizourmwèn yo touche sou teritwa Lafrans an 2016.



Gen kèk metòd ki ka gen kont-entdikasyon medikal yon pwofesyonèl sante yo te mansyone.

Genyen tou plizyè metòd "natirèl" nan kontrasepsyon tankou retrè oswa abstinans peryodik (Ogino, Billings ak metòd tanperati). Ni kontrent, metòd sa yo pa fyab

Kèlkeswa metòd ou chwazi a, pa bliye se sèl metòd kontrasepsyon ki pwoteje kont VIH ak pifè lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks (ISTI, an Fransè). Yo ka asosye l tou ak yon lòt metòd kontrasepsyon: se sa a nou rele "doub pwoteksyon".

## Referans legal ak règleman

### IVG: yon dwa lalwa garanti

Lalwa (atik L. 2212-1 Kòd sante piblik la) pèmèt nenpòt fanm ansent, ni granmoun ni minè yo, ki pa vle kontinye ak yon gwasès, mande yon doktè pou kanpe li. Sèl fanm ki konsène a ki ka fè demann nan.

Dwa sa a garanti pa lalwa. Refoze yon IVG se yon ofans yo pini pa dezan prizon ak yon amann 30 000 € .

## 2022

---

### → 2 mas

Lwa n° 2022-295 ki vize pou ranfòse dwa avòtman pwolonje peryòd legal pou IVG ak zouti a soti nan 12 rive nan 14 semèn gwasès epi peryòd legal pou IVG ak medikaman an soti nan 5 rive nan 7 semèn gwasès. Li pèmèt tou realizasyon IVG ak medikaman an atravè konsiltasyon pa telefòn. Li otorize fanmsaj ki fòme yo pou fè IVG ak zouti yo nan yon etablisman sante. Li elimine delè minimòm refleksyon yon semèn nan pou minè yo tankou pou granmoun yo tou. Finalman, li sanksyone lè yo refize bay kontrasepsyon an ijans la.

### → 23 desanm

Lwa n° 2022-1616 finansman sekirite sosyal pou lane 2023 a pèmèt aksè gratis epi san preskripsyon pou kontrasepsyon an ijans pou tout moun ki gen asirans yo.

## 2016

---

### → 26 janvyè

Lwa n° 2016-41 sou modènizasyon sistèm sante nou an elimine delè minimòm refleksyon yon semèn nan pou granmoun yo. Li pèmèt tou fanmsaj yo fè IVG ak medikaman yo epi sant sante yo pou IVG ak zouti yo.

## 2014

---

### → 4 out

Lwa n° 2014-873 nan dat 4 Out 2014 pou egalite reyèl ant fanm ak gason retire nosyon detrès nan kondisyon pou fè apèl ak IVG a epi pwolonje ofans nan refize IVG a ak aksè ak enfòmasyon sou IVG a.

## 2001

---

→ 4 jiyè

Lwa n° 2001-588 sou avòtman volontè gwosès ak kontrasepsyon refòme lwa Neuwirth sou kontrasepsyon (1967) ak Veil sur l'IVG (1975), pwolonje peryòd legal la soti nan 10 pou rive nan 12 semèn gwosès epi rann kondisyon pou gen aksè ak kontraseptif ak IVG pou minè yo pi fasil.

## 2000

---

→ 13 desanm

Piblikasyon lwa n° 2000-1209 sou kontrasepsyon an ijans.

## 1993

---

→ 27 janvyè

Lwa n° 93-121 kreye, an patikilye, yon ofans pa rapò ak refize yon avòtman volontè gwosès epi elimine pèn pou moun ki fè pwòp avòtman l.

## 1982

---

→ 31 desanm

Lwa n° 82-1172 ki gen rapò ak frè ki gen rapò ak avòtman volontè gwosès yo kouvri ki pa terapeitik epi metòd pou finansman mezi sa a Leta etabli ak depans asirans maladi a angaje.

## 1979

---

→ 31 desanm

Lwa n° 79-1204 sou IVG a bay dispozisyon lwa 1975 yo valè, ki elimine an patikilye kèk pwoblèm ak reyalizasyon IVG a.

## 1975

---

→ 17 janvyè

Yo adopte lwa n° 75-17 ki otorize avòtman volontè gwosès (IVG, an fransè) yo rele «lwa Veil» pou yon peryòd 5 lane.



## 1974

---

### → 4 desanm

Lwa ki gen plizyè dispozisyon ki gen rapò ak kontwòl nesans, ki liberalize kontrasepsyon epi elaji dispozisyon ki nan lwa 1967 la: an patikilye ranbousman kontrasepsyon an pa Sekirite Sosyal ak abolisyon otorizasyon paran pou minè yo. (lwa n° 74-1026).

### → 13 novanm - 20 desanm

Aprè yon long pwosedi legal, yo te adopte pwojè lwa sou avòtman volontè gwosès la, ki te prezante nan Konsèy Minis la nan dat 13 novanm nan dat 20 desanm nan Asanble Nasyonal la.

Lalwa otorize IVG nan yon delè 10 semèn, ak yon senp demann bay yon doktè; li kite nenpòt doktè oswa nenpòt etablisman lopital prive posiblite pou refize fè swivi ak yon demann IVG; I ap fè jefò pou limite IVG yo ak ka ki nesèsè yo epi pou anpeche yo pa vin yon mwayen pou kontwole nesans; li pa bay ranbousman Sekirite Sosyal la, men yon asistans medikal sou demann.

## 1967

---

### → 28 desanm

Lwa n° 67-1176 sou kontwòl nesans, yo rekonèt kòm «lwa Neuwirth la», otorize fabrikasyon ak enpòtasyon kontraseptif, pou yo vann yo sèlman nan famasi ak preskripsyon medikal, ak otorizasyon paran yo pou minè yo epi entèdi nenpòt piblisite komèsyal oswa pwopagann ki kont nesans timoun.





